**Сыдрэ уахъти усигъус.**

Сыкъыщыхъугъэшъ, сикъэлэ гупсэ.
Сызыщапугъэр сэ дэгъоу сэшIэ.
Лъэпкъ зэфэшъхьафэу зэкIэ щыпсэурэр
ЗэгурыIоужьыхэу мэлажьэ.

ЛэжьэкIо Iапшъэм ихьалэлыгъэ
Сикъэлэ кIасэ ренэу шъхьащыт.
ЦIыфыгу къабзэм ихэгъэфэныгъэ
ГъашIэ тамыгъэу сашъхьагъы ит.

Зэрэслъэгъущтым сэ сыкIэгуIэу,
Тыдэ сыщыIэми сыгу имыкI.
Нэфылъ псалъэкIэ сэ синэплъэгъу
Тыгъэпсы бзэпсэу ар къыпэгъокI.

Уесэгъэблагъэ, къакIо сикъалэ.
Анахьы цIыкIури къыппэгъокIыщт.
Умылъэгъугъэу щытыми, сэшIэ,
Узэрэтеплъэу, ар плъэгъущт.

**Зыусыгъэр:**
**я 8-рэ  классым ис еджак1оу**
**Л1ымыщэк1о Диан.**